

Nim. 203

DEKRÈ EGZEKITIF

KOLABORATIF REFÒM AK REYENVANSYON LAPOLIS ETA NEW YORK

LÈ NOU KONSIDERE, Konstitisyon Eta New York la oblije Gouvènè a pou l asire yo egzekite lwa New York yo fidèlman; epi

LÈ NOU KONSIDERE, Mwen prete sèman solanèlman, konfòmeman a Atik 13, Seksyon 1 nan Konstitisyon an, pou m sipòte Konstitisyon an epi egzèse fonksyon Biwo Gouvènè a fidèlman; epi

LÈ NOU KONSIDERE, apati 25 me 2020 apre lapolis te enplike nan lanmò George Floyd nan Minnesota, yo fè manifestasyon chak jou nan tout nasyon an ak nan kominote yo toupatou nan Eta New York an repons ak lanmò ke lapolis te enplike ak fòs delòd ki gen prejije rasis pou mande chanjman, mezi, ak responsabilite; ak

LÈ NOU KONSIDERE, genyen yon istwa long epi ki douloure nan Eta New York nan diskriminasyon ak move tretman kont sitwayen nwa ak Afriken-Ameriken yo ki date depi lè premye Afriken yo te rive kòm esklav Ozetazini; ak

LÈ NOU KONSIDERE, istwa resan sa a gen ladan yon kantite ensidan ki enplike lapolis ki deja lakoz lanmò anpil sivil san zam, majorite nan sivil sa yo se nwa ak Afriken-Ameriken, sa ki diminye konfidans piblik la ak konfyans nan sistèm fòs delòd nou an ak nan jistis kriminel la, e kondisyon sa kontinyèl epi li bezwen korije an ijans; ak

LÈ NOU KONSIDERE, lanmò sa yo nan Eta New York pami yo enkli Anthony Baez, Amadou Diallo, Ousmane Zango, Sean Bell, Ramarley Graham, Patrick Dorismond, Akai Gurley, ak Eric Garner, pou'm site sa yo sèlman, ak, nan lòt eta yo, enkli Oscar Grant, Trayvon Martin, Michael Brown, Tamir Rice, Laquan McDonald, Walter Scott, Freddie Gray, Philando Castile, Antwon Rose Jr., Ahmaud Arbery, Breonna Taylor, ak George Floyd, pou'm site sa yo sèlman,

LÈ NOU KONSIDERE, lanmò initil sa yo lakoz mwen siyen lwa Ajanda Site Non Yo (Say Their Name Agenda) ki refòme aspè lapolis nan Eta New York; ak

LÈ NOU KONSIDERE, gouvènman an gen responsablite pou li asire ke yo trete tout sitwayen li yo egal, jis, ak yon fason ki jis devan lalwa; ak

LÈ NOU KONSIDERE, dènye vag pwotestasyon ak manifestasyon yo ki te manifeste nan tout zòn nan eta a te montre pwofondè ak lajè enkyetid la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, lavi nwa yo konte; ak

LÈ NOU KONSIDERE, sa ki presedan yo oblije m konkli ke nou bezwen mezi ijan ak imedya pou elimine inegalite rasyal nan lapolis la, pou modifye ak modènize estrateji, règleman, pwosedi, ak pratik lapolis yo, ak pou devlope pratik pou pi byen satisfè bezwen patikilye kominote koulè yo pou ankouraje sekirite piblik, amelyore angajman kominotè, ak ankouraje konfyans; ak

LÈ NOU KONSIDERE, se Divizyon Bidjè (Division of the Budget) a ki gen pouvwa pou detèmine itilizasyon apwopriye fon yo nan avansman lalwa eta a ak Konstitisyon Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, an kowòdinasyon ak resous Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl yo (Division of Criminal Justice Services), Divizyon Bidjè a ka ogmante efikasite sistèm jistis kriminèl la lè li asire ke ajans lapolis lokal yo nan eta a te angaje aktivman ak moun ki konsène nan kominote lokal la epi ki apwouve plan lokalman pou estrateji yo, règleman ak pwosedi ajans lapolis lokal yo; ak

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, an patikilye Atik IV, seksyon 1, nan dokiman sa a mwen òdone epi pase enstriksyon sa yo:

Direktè Divizyon Bidjè a, an konsiltasyon avèk Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl yo, pral pibliye konsèy pou yo voye bay tout gouvènman lokal yo k'ap mande ke:

Chak antite gouvènman lokal ki gen yon ajans lapolis k'ap opere avèk ofisyè polis jan yo defini anba 1.20 nan lwa sou pwosedi kriminèl yo dwe fè yon revizyon konplè nan deplwaman fòs polis aktyèl la, estrateji, règleman, pwosedi, ak pratik, epi devlope yon plan pou amelyore deplwaman, estrateji, règleman, pwosedi, ak pratik sa yo nan bi pou yo adrese bezwen patikilye nan kominote ke ajans lapolis sa yo sèvi ak ankouraje angajman kominotè pou ankouraje konfyans, ekite, ak lejitimite, ak adrese nenpòt prejije rasyal ak politik dispwopòsyone nan kominote koulè yo.

Chak chèf egzekitif nan gouvènman lokal sa yo dwe konvoke chèf ajans lapolis lokal la, ak moun ki konsène nan kominote a pou devlope yon plan konsa, ki pral konsidere estrateji lapolis ki baze sou prèv, ki enkli men pa limite a, itilizasyon politik fòs yo, jistis pwosedi; nenpòt etid ki adrese patipri sistemik rasyal oswa jistis rasyal nan politik yo; fòmasyon konsyantizasyon sou patipri enplisit; fòmasyon ak pratik dezskalad; pwogram divèsyon ke fòs delòd yo; pratik jistis restoratif; sansibilizasyon kominotè ak rezolisyon konfli; politik ki akse sou pwoblèm; mentyen lòd nan zòn cho yo; entimidasyon santre; prevansyon krim atravè konsepsyon anviwònman an; entèvansyon prevansyon rediksyon vyolans; politik ak direktiv modèl pibliye pa Konsèy Fòmasyon Lapolis Minisipal Eta New York (New York State Municipal Police Training Council); ak estanda ki pibliye pa Pwogram Akreditasyon Fòs Delòd Eta New York (New York State Law Enforcement Accreditation Program).

Sibdivizyon politik la, an kowòdinasyon ak ajans lapolis li yo, dwe konsilte moun ki gen konsène yo, ki gen ladan men pa limite a manm ak lidèchip nan polis lokal la; manm nan kominote a, ak anfas nan zòn ki gen gwo kantite entèraksyon manm nan polis la yo ak entèraksyon kominotè; gwoup san bi likratif ak gwoup relijye ki baze nan kominote a ki entèrese yo; biwo lokal pwokirè distri a; defansè piblik lokal la; ak ofisyèl eli lokal yo, ak kreye yon plan pou adopte epi aplike rekòmandasyon yo ki soti nan revizyon ak konsiltasyon li yo, ki gen ladan nenpòt ki modifikasyon, modènizasyon, ak inovasyon nan deplwaman politik, estrateji, règleman, pwosedi, ak pratik li yo, ki adapte pou bezwen espesifik kominote a ak pwomosyon jeneral ajans lapolis amelyore ak relasyon kominotè ki baze sou konfyans, ekite, responsablite, ak transparans, ak ki chache diminye nenpòt ki diferans rasyal nan lapolis la.

Yo dwe ofri plan sa a pou kòmantè piblik pou tout sitwayen nan lokalite a, epi apre konsiderasyon kòmantè sa yo, yo dwe prezante li bay kò lejislatif lokal la nan sibdivizyon politik sa a, ki dwe ratifye oswa adopte plan sa a pa lwa lokal oswa rezolisyon, jan sa apwopriye, pa pita pase premye avril 2021; ak

Gouvènman lokal sa a dwe transmèt yon sètifika bay Direktè Divizyon Bidjè a pou afime ke yo te respekte pwosesis sa a, epi yo te adopte lwa oswa rezolisyon lokal sa; ak

Direktè Divizyon Bidjè a dwe otorize pou kondisyon resepsyon pwochen fon apwopriye eta a oswa federal ki afekte lè yo ap depoze sètifika sa ke gouvènman lokal sa ta otreman kalifye pou li a; ak

Direktè a otorize pou chache sipò ak asistans nenpòt ajans eta pou li kapab reyalize objektif sa yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan douzyèm jou mwa jen nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a